



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 4/28/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KOMITE RECHÈCH POU PWOCHEN SIPÈ-ENTANDAN LAPOLIS ETA**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse manm yo ki nan komite rechèch pou pwochen Sipè-entandan lapolis Eta New York. Komite a ap revize epi rekòmande kandida yo bay Gouvènè a nan jou kap vini yo. Sipè-entandan aktyèl la Joseph D'Amico pa twò lontan de sa [te anonse](#) plan l pou l retire apre sizan nan direksyon Lapolis Eta ak 35 ane nan ajans ranfòsman lalwa anjeneral. Sipè-entandan Damico ap rete nan pòs li pandan tranzisyon an.

“Lapolis Eta jwe yon wòl enpòtan nan garanti sekirite fanmi ak kominote New York yo,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Sou lidèchip Sipè-entandan D'Amico, Lapolis Eta te montre kouraj ak disiplin remakab nan sèvis yo, e mwen te gen responsabiltè komite rechèch sa pou idantifye kandida yo ki pral chita sou rekò sa pou tout Nouyòkè yo. Map rete tann pou m resevwa rekòmandasyon yo nan semèn kap vini yo.”

Sèt moun ki konpoze komite rechèch la se sa ki annaprè yo:

- **Ray Kelly**, Vis Prezidan K2 Intelligence, ak ansyen Komisyonè Depatman lapols Vil New York;
- **Bob Duffy**, Prezidan ak PDG Alyans Biznis Rochester, ak ansyen Gouvènè Adjwen, Majistra Rochester, ak Chèf Depatman Lapolis Rochester;
- **Mylan Denerstein**, Patnè nan Gibson, Dunn & Crutcher LLP, ak ansyen konseye pou Gouvènè a;
- **Michael Balboni**, Prezidan ak Direktè Jesyon Redland Strategies, ansyen Senatè Eta New York ak sekretè Adjwen pou Sèkirite Piblik;
- **Thomas Zugibe**, Avoka Distri Konte Rockland ak Prezidan Asosyasyon Avoka Distri Eta New York;
- **Senatè Patrick Gallivan**, Prezidan Komite Sena sou Viktim Krim, Krim ak Koreksyon, ak ansyen Cherif Konte Erie; ak
- **Rachel Small**, Sekretè Ajwen pou Sekirite Piblik.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418